# ЦебергІи

ХІурматияв цІалдолев!

Дуца кодобе босараб тІехьалда цІар буго «Инжил».

«Инжил» ккола Библиялъул – жугьутІазул ва христианазул Хирияб ТІехьалъул – цо бутІа. Гьеб ккола азарго гІанасеб мацІалде буссинабурабги дуниялалда бищунго гІемерал гІадамаз цІалулебги тІехь. Гьелъ кІудияб асар гьабуна гІемерал халкъазул рухІияб ва культурияб гІумруялъе. Гьанже дуе рес щун буго гьеб магІарул мацІалда цІализе.

Библия ккола азаргоялдаса цІикІкІун соназ хъварал некІсиял тІахьал цолъизарун лъугьараб тІехь. Гьеб гІуцІун буго кІиго кІудияб бутІаялдасан. ТІоцебесеб бутІаялда – «НекІсияб КъотІиялда» – бицунеб буго Аллагьас дуниялги инсанги рижараб куцалъул, аваргзаби ритІун, жиндирго рагІи халкъалъе Гьес загьир гьабураб куцалъул, Аллагь цо вукІиналда тІоцебе божараб халкъалъун лъугьараб жугьутІ халкъалъухъе Муса аварагасдалъун Аллагьас Къанун рещтІинабиялъулги хІакъалъулъ. Гьеб киналъулго хІакъалъулъ «НекІсияб КъотІиялда» бугеб щуго тІехьалда Тавратилан абула.

«НекІсияб КъотІиялъул» хадусел тІухьдузда бицунеб буго Къануналъул амруязе гІадамал чанцІулго хилиплъиялъул. Гьел битІараб нухде ккезаризе Аллагьас гІадамазухъе аваргзаби ритІана, амма гІемерисел божичІо аваргзабазул рагІуда. Муса авараг-ги гьоркьов ккун, Аллагьасда ва иман лъураб халкъалда гьоркьоб гьабун букІараб КъотІи хвезабулаан гьез. Аваргзабаз гІадамазда бицунеб букІана иман лъуразулгун Аллагьас ЦІияб КъотІи гьабулеб заман бачІине бугин ва гІадамазухъе цІакъго кІудияв авараг ва абадияв парччахІ – МасихІ – витІизе вугин.

КІиабилеб бутІаялда – «Инжилалда» – христианаз абула «ЦІияб КъотІийилан». Гьеб хъван буго грек мацІалда. «Инжилалда»

рехсон ругел лъугьа-бахъинал ккана кIиазарго соналъ цере. Доб мехалда Рималъул империялъул кверщаликь букIараб Палестинаялда гьавуна ГIиса МасихI. Гьенир рукIарал жугьутIаз цIунана жидерго умумузул динги гIадаталги. Гьел божулаан, аваргзабаз цебеккунго бицухъе, Аллагьас гьезухъе МасихI витIизе вукIиналда ва, чияр кверщелалдаса жалги хвасар гьарун, МасихI парччахIлъун лъугьине вукIиналда. Амма ГIиса дуниялалде вачIиналъул букIана жеги тIадегIанаб мурад – мунагьалъулги хвалилги кверщелалдаса гIалам хвасар гьаби.

«Инжилалде» гьоркьобе уна 27 тIехь. ТIоцебесеб ункъо тIехьалда цIар буго «Рохалил хабар». Гьел тIухьдуз бицунеб буго ГIисал гIумруялъулги, гьесул муридазулги тушбабазулги, гIадамазе гьес гьарурал насихIатазулги, рихьизарурал мугIжизатазулги, гьев хвеялъулги ва хваралъуса вахъиналъулги хIакъалъулъ. Гьаб ункъабго тIехь хъван буго ГIисал ункъо муридас – Матфейица, Маркица, Лукаца ва Иоанница. Гьел рукIана гьеб кинабго жидер беразда бихьарал яги бихьараз бицунеб рагIарал гIадамал. «Рохалил хабаралъул» ункъабго тIехьалда батIи-батIияб рахъалдасан бицунеб буго ГIисал гIумруялъул хIакъалъулъ. Цо-цо бакIалда дандеккола ункъазго хъвараб жо, цо-цо бакIаздайин абуни цоялъ цояб камиллъизабула.

Хваралъуса вахъинавун ГIиса зобалазде восун аралдаса хадуб гьесул муридазул букIараб гIумруялъул бицунеб буго «Чапарзабазул ишал» абураб тIехьалда. Гьеб хъвана цо «Рохалил хабаралъулги» авторлъун кколев Лукаца. Гьев вукIана тIехьалда рехсарал гIемерисел лъугьа-бахъинал жиндир беразда рихьарав ва гьезулъ гIахьаллъарав чи. «Чапарзабазул ишал» абураб тIехьалда аслияб къагIидаялъ бицунеб буго ГIисал чапарзаби Пётрил ва Павелил хIакъалъулъ. Бищунго цIикIкIун гьев кIиясго хIаракат бахъана ГIисал хIакъалъулъ хабар тIибитIизабизе, гьесул хIалкIолъиялдалъун гьез рихьизаруна гIемерал мугIжизатал.

ГIисаде иман лъуразухъе чапарзабаз кагътал хъвана, ГIисаца бицунеб букIараб гьезда бичIчIизабун, Аллагьасде руссарал гIадамал кин хьвадизе кколелали насихIатал гьарун. Нахъе цIунун хутIун бугеб гьединаб къоло цо кагъат «Инжилалъул» тIехьалда лъун буго. «Чапарзабазул ишал» абураб тIехьалъги гьел кагътазги нилъеда бицуна тIоцере ГIисада нахърилълъарал, доб заманаялда жидер хIакъалъулъ христианалин абизе байбихьарал, гIадамазул гIумру кинаб букIарабали.

«Инжилалъул» ахирисеб, къоло анкьабилеб, тIехь ккола «Иоанние Аллагьас загьир гьарурал ишал». Гьеб тIехьалда бицунеб буго дуниял ахирлъараб мехалда ккезе бугебщиналъул хIакъалъулъ.

КIиазарго соналъ цебего хъвараб «Инжилалда» ратула гьанжесеб гIелалъул гIадамазда ричIчIуларел бакIал, жеги рагIичIел калимаби. Гьединлъидал тIехьалъул ахиралда кьун буго ричIчIизе захIматал рагIабазе баян. ЦIалдолесда гьенирго ратила тIехьалда рицарал аслиял лъугьа-бахъинал ккарал бакIазул картаби.

ЦIализе бокьараб бакI батизе бигьалъиялъе Библиялъул текст XIII гIасруялда бутIрузде бикьун букIана, XVI гIасруялда щибаб бетIер аятазде бикьун, гьезие номерал кьуна. МагIарул цIалдолезе бигьалъиялъе гIисинал бутIрул ратIа гьарун, гьезиеги цIарал кьун руго.

Библия таржама гьабиялъул институталъ 1996 соналда магIарул мацIалда басмаялде бахъана «Инжилалъул» цо бутIалъун кколеб «Маркица бицараб Рохалил хабар». 2000 соналда цIалдолезухъе щвана цоги тIехь, гьелда жанир руго «Лукаца бицараб Рохалил хабар» ва «Чапарзабазул ишал». 2005 соналда бахъана «Сулайман аварагасул гIакъилал рагIаби» абураб тIехьги. Гьеб ккола «НекIсияб КъотIиялъул» цо бутIа.

«Инжил» таржама гьабиялъул иш рагIалде бахъана Библия таржама гьабиялъул институталъул хIалтIухъабазулги, Библиялъул цолъарал обществабазул ва Дагъистаналъул гIалимзабазулги гIахьалаб хIаракатчилъиялдалъун. Таржамаялда тIад гьел хIалтIана 1990 – 2007 соназда. Гьаниб баркала кьезе бокьун буго гьаб тIехь магIарул мацIалде буссинабиялъе квербакъи гьабураб Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIалъул, литератураялъул ва искусствоялъул институталъе.

ТIехь басмаялде бахъаразул хьул буго гьаб таржамаялъ магIарул халкъалъул рухIияб гIумруялда жаниб цо бегьулеб бакI ккелин.

Библия таржама гьабиялъул институталъ авар мацIалда басмаялде бахъизе хIадур гьабулеб буго Библиялъул тIоцебесеб тIехь – «Байбихьи».

*Библия таржама гьабиялъул институт*